

Syantifik ki ap travay nan peyi

**Matinik, Gwadeloup ak Ayiti**

Nan lide pou pote kontribisyon pa yo nan ansèyman ak devlopman

**Lasyans nan lang kreyòl**

jou ki ap **vandredi 25 oktòb 2024 la, soti 9.30 pou rive 12.00** (nan lè Ayiti)

ap pote pou nou yon konferans (sou ZOOM)

nan sa ki Konsèn **Risk Natirèl nan Karayib la**

*menm jan ak ane pase, nan kad **Mwa Kreyòl la**, 3 jou avan Jounen Entènasyonal lang Kreyòl yo.*

Aprè « [Rediksyon Risk Natirèl an 2023](#) », tèm pou edisyon ane sa a se :

## **Dlo lapli nan kontèks chanjman klimatik**

Avèk patisipasyon espesyal :

- Aïda Diongue-Niang (Senegal), doktè nan syans atmosfè, meteyològ, prezidan Gwoup Travay nimewo 1 nan GIEC pou setyèm sik evalyasyon
- Raphaël Constant (Matinik), Pwofesè Emerit nan lang ak kilti rejyonal, ekriven ki gen repitasyon entènasyonal, tradiktè ak defansè lang kreyòl la, moun k'ap batay pou ansèyman lasyans an kreyòl sitou nan domèn astwonmi.

Doktè Diongue-Niang pral pale nou de lapli ak inondasyon nan pati lwès kontinan afriken an e ki rapò sa genyen ak chanjman klimatik. Pwofesè Confiant pral gen tout libète pou pale nou de kijan li wè e konprann devlopman lasyans an kreyòl.

7 lòt oratè yo pral pale de lapli, kisa yo obsève, kisa yo mezire, kijan yo viv ak dlo lapli, ki konsekans sa genyen sou ti zile ki genyen nan zòn twopikal yo e kijan yo pale ak sosyete de risk sa yo. Kesyon patisipan yo ap ede nou konprann si fason nou pale kreyòl yo pèmèt konesans nou sou risk natirèl byen pase nan sosyete nou yo.

Vini pa pakèt nan konferans ZOOM sa a jou k'ap vandredi 25 oktòb la soti 9.30 pou rive 12.00 (nan lè Ayiti). Nou ka voye envitasyon sa a tou bay moun nou konnen ki pale kreyòl ak tout moun ki renmen lang sa a.

## Òganizatè yo

Doktè Kelly Guerrier (URGéo-URBATER-CLIMEXHA/UEH, Ayiti)

Doktè Jean-François M. Dorville (TCGNRG, Gwadeloup)

Doktè Nathalie Michalon (CRILLASH/UA, Matinik)

Lyen ZOOM : [https://us02web.zoom.us/j/83152296887?](https://us02web.zoom.us/j/83152296887?pwd=mmnzmR95Spz1LZyFfpkHIZFvbNf38f.1)

[pwd=mmnzmR95Spz1LZyFfpkHIZFvbNf38f.1](https://us02web.zoom.us/j/83152296887?pwd=mmnzmR95Spz1LZyFfpkHIZFvbNf38f.1)

Ak QR Code



Koneksyon posib depi 9.00 (nan lè Pòtoprens, UTC-4)

**Pou kontakte nou :** [kelly.guerrier@ueh.edu.ht](mailto:kelly.guerrier@ueh.edu.ht), [nathaliemichalon.kannah@gmail.com](mailto:nathaliemichalon.kannah@gmail.com),  
[contact@tcgnrg.com](mailto:contact@tcgnrg.com)



## Dlo lapli nan kontèks chanjman klimatik

Dlo lapli an boulevès a klima

Avèk patisipasyon Raphaël Confiant ak Aïda Diongue

VANDREDI 25 OKTÒB - 9H30 - 12H00



## Pwogram - Programme – Program

Dlo lapli nan kontèks chanjman klimatik [ht]

Dlo lapli an boulvès a klima [gp-mq]

L'eau de pluie dans le contexte du changement climatique [fr]

Rainwater in the climate change context [en]

<b>Entwodiksyon</b> <i>Kelly Guerrier</i>	<i>Propos introductifs</i>	<i>Opening words</i>
<b>Niyaj èk lapli</b> <i>Claude Cayol</i>	<i>La pluie et les nuages</i>	<i>Rains and clouds</i>
<b>Wonn-fèmen a dlo</b> <i>Jean-Francois, Marc Dorville</i>	<i>Le cycle de l'eau</i>	<i>The water cycle</i>
<b>Konbit Sitwayen pou Siveye Tan (KSST)</b> <i>Élisée Villiard &amp; Carlo Destouches</i>	<i>Association citoyenne pour la surveillance du temps</i>	<i>Citizens' Association for Monitoring Weather</i>
<b>Ki jan pou sèvi épi dlo lapli</b> <i>Déborah Chéry</i>	<i>Comment utiliser l'eau de pluie ?</i>	<i>How to use rainwater?</i>
<b>Pozé (kanpo)</b>	<i>Pause</i>	<i>Break</i>
<b>Alimantasyon ak dlo lapli nan kontèks chanjman klimatik</b> <i>Evens Emmanuel</i>	<i>Alimentation et eau de pluie dans le contexte du changement climatique</i>	<i>Food and rainwater in the context of climate change</i>
<b>Lapli èk débòdaj dlo épi chanjman klima-an an lwès Lafrik</b> <i>Aïda Diongue</i>	<i>Pluies et inondations en Afrique de l'Ouest avec le changement climatique</i>	<i>Rainfall and flooding in West Africa linked with the climate change</i>
<b>Prévwa danjé débòdaj lariviè épi ti-liv désiné-a</b> <i>K. Guerrier &amp; N. Michalon</i>	<i>Se préparer aux risques d'inondations de rivières à l'aide d'une bande dessinée</i>	<i>Preparing the risks of river flooding using a comic book</i>
<b>Pawol lib avè R. Confiant, an zouti pou tradwi lasyans an kréyòl</b> <i>Raphaël Confiant</i>	<i>Carte blanche avec R. Confiant, un outil pour traduire la science en créole</i>	<i>Carte blanche with R. Confiant, a tool for translating science into Creole</i>
<b>Dènye mo</b> <i>Kelly Guerrier</i>	<i>Mots de clôture</i>	<i>Closing words</i>